

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun dina ieu panalungtikan, lantaran data anu ditalungtikna mangrupa kecap-kecap dina tulisan. Hal ieu luyu jeung pamadegan Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) anu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif téh nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, sarta barang-barang anu ditalungtik sacara rinci sangkan ma'na nu nyamuni tina éta dokumén atawa tina éta barang bisa kacangkem.

Métode panalungtikan déskriptif nya éta métode anu miboga tujuan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, lukisan sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sifat-sifat, sarta hubungan fénoména-fénoména anu ditalungtik (Djajasudarma, 2010, kc. 9). Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun interférensina basa Indonesia kana basa Sunda nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.


Satuluyna, desain dina ieu panalungtikan digambarkeun ku bagan galur saperti ieu di handap.

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kalimah atawa kecap nu ngalaman interférénsi dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Ari sumber data dina ieu panalungtikan nya éta karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Tina éta sumber data, dicatet interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda anu ngawengku interférénsi fonologis, gramatikal (morfologis jeung sintaksis) jeung léksikal. Téks karangan pangalaman pribadi anu dianalisis dina ieu panalungtikan aya 36 téks. Éta téks karangan téh dikumpulkeun dina tanggal 22 Oktober 2014.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalugtikan téh nya éta alat/fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés ngarang jeung kartu data.

a. Lembar Tés Ngarang

Lembar tés ngarang dina ieu panalungtikan digunakeun dina ngumpulkeun data. Eusi tina lembar tés ngarang mangrupa pituduh jeung katangtuan pikeun nulis karangan, sarta lembar karangan anu mangrupa kertas kosong pikeun ngarangna. Ieu lembar tés ngarang téh diébréhkeun saperti ieu di handap.

TÉS NGARANG	
Wasta	:.....
Kelas	:.....
Pék jieun karangan ngeunaan pangalaman séwang-séwangan, luyu jeung nu pernah kaalaman ku hidep. Gunakeun kekecapan jeung éjahan basa Sunda anu merenah!	
Téks Pangalaman Pribadi	

b. Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun nyatet interférénsi nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Dina kartu data dicatet informasi anu mangrupa nomer data, kalimah atawa kecap anu ngalaman interférénsi, kode data, kalimah anu benerna, jeung wangun interférénsi. Format kartu data dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap.

(024)	
Kalimah	: Abdi ku ibuna ditawaran <i>makan</i> . (S1/10)
Wangun Interférénsi	: Sintaksis
Kuduna	: Abdi ditawaran dahar ku indungna.

Katerangan:	(024)	:	nomer data
	(S1/10)	:	kode data
	S1	:	siswa 1
	10	:	padalisan ka-10

3.1.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Ari ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngayakeun tés nyieun karangan pangalaman pribadi.
- b. Ngumpulkeun hasil karangan siswa.

3.4 Analisis Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*), nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2004, kc. 32). Ari nu dianalisisna nya éta unsur-unsur basa Indonesia anu ngainterférénsi kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Salian ti éta, digunakeun ogé téhnik *suluran (substitusi)*. Téhnik *Suluran (substitusi)* nya éta téhnik anu dipaké pikeun niténan bagantina unsur basa nu kahiji ku unsur basa nu lian (Sudaryat, 2004, kc. 33). Dina ieu panalungtikan nya éta niténan bagantina unsur basa Sunda ku unsur basa Indonesia anu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngaruntuykeun karangan siswa dumasar kana runtuyan absén bari dibéré nomor kode.
- b. Macaan hasil karangan siswa.
- c. Nyirian interférensina nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa.
- d. Nyatet interférensina nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kana kartu data bari dibéré nomer kode.
- e. Mindahkeun data interférensina nu aya dina kartu data kana tabél data.
- f. Nyieun papasingan data dumasar kana wangun interférensina.
- g. Nganalisis interférensina tina karangan pangalaman pribadi siswa.
- h. Ngadéskrripsikeun interférensina nu aya dina karangan siswa.
- i. Nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.